

# Dis (10) konsèy pou ede pitit ou a fè zanmi epi rete zanmi ak yo



Pou fanmi elèv ki gen andikap yo

## 1. Jwe jwèt ansanm. Anseye pitit ou a kijan pou l patisipe epi aprann konpetans sosyal sa ki vin annapre yo:

- *Negosye*: Montre li fason pou l pase akò, kowopere, diskite epi negosye.
- *Tou pa youn apre pa lòt la*: Ou prale an premye fwa sa a, apre sa mwen prale!
- *Swiv règ yo*: Asire w tout moun konprann menm règ yo.
- *Aksepte defèt*: Sa nòmal pou w pèdi, ap gen lòt opòtinite pou w genyen.
- *Pa kenbe viktw poukont ou*: Jwenn mwayen pou bay lòt moun opòtinite pou yo genyen.
- *Pataje jwèt ak materyèl yo*: Kite lòt moun chwazi jwèt la oswa pyès nan jwèt la.
- *Pran pasyans*: Bay lòt moun yo tan pou yo fè mouvman pa yo a nan jwèt la.
- *Elabore estrateji*: Vèbalize plizyè fason pou rezoud pwoblèm yo nan jwèt la oswa planifye yon mouvman.

## 2. Li liv oswa gade videyo avèk pitit ou a sou fason pou fè zanmi.

Vizite bibliyotèk oswa librerri lokal ou a epi mande pou liv oswa videyo sou fè zanmitay. Ou gen pou w jwenn anpil resous pou tout laj!

## 3. Kreye pwojè manyèl pou pitit ou a epi envite timoun nan katye a pou yo patisipe.

Aktivite manyèl yo pèmèt chak timoun ekspriye tèt yo pandan y ap travay avèk lòt moun nan yon gwoup epi devlope konpetans yo pou fè mouvman ki egzist lè yo ap koupe, desine oswa manipile objè yo.

## 4. Pale ak pitit ou a sou kijan pou fè chwa ki apwopriye lè l ap fè zanmi.

Kisa ki fè yon bon zanmi? Kisa ki fè yon move zanmi? Felisite pitit ou a lè li fè yon bon chwa!

## 5. Jwenn yon fanmi nan kominote w la ki gen timoun ki sanse gen menm laj ak pitit ou a.

Ou ka vle verifye tou bò kote pak lokal ou yo oswa bò kote gouvènman lokal ou a pou w jwenn enfòmasyon sou klèb oswa gwoup jwèt yo. Pwogramme aktivite sosyal ansanm pou timoun yo ka aprann fè zanmi nan yon anviwònman ki estriktire ak solidè.

## 6. Bay pitit ou a yon bon modèl nan zafè zanmitay pou l swiv.

Olye pou l ap eseye fòse zanmi ak lòt timoun, montre pitit ou a kijan ou chwazi zanmi w yo epi entèraji ak yo.

## 7. Kite liy kominikasyon yo ouvè.

Pwograme yon lè ak yon kote byen espesifik pou w kòmanse yon diskisyon sou zanmi ak relasyon pitit ou a.

## 8. Ede li devlope konpetans pou rezoud pwoblèm nan yon fason ki ankourajan ak pozitif.

Menm si w ka gen tantasyon an, ou pa p toujou kapab rezoud pwoblèm pitit ou a gen nan zanmitay li yo. Asire w ou la pou w koute pitit ou a epi ede li reflechi ak solisyon ki posib yo amezi pitit ou a ap pwogrese nan devlopman zanmitay li yo.

## 9. Ede pitit ou a idantifye sa k entèrese li ak pastan li yo.

Jwenn opòtinite pou pitit ou a pouswiv sa ki entèrese l yo oswa pastan li yo ak lòt timoun ki nan menm laj la.

## 10. Ede pitit ou a itilize òdinatè a pou kreye yon kont anliy pou kominike avèk zanmi ak kanmarad klas li yo.

Asire w pitit ou a konprann epi swiv tout konsèy sekirite ki enkli nan pwogram anliy yo epi kontwole itilizasyon li an.



Eskane kòd QR la pou w wè lòt resous fanmilyal Rezo Enklizyon Florida (Florida Inclusion Network, FIN) yo konsènan pi bon pratik yo pou enklizyon elèv ki gen andikap yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an.

Pou konnen kòman pou w kontakte Fasilitatè FIN ou an, rele nan 1-888-232-0421 oswa vizite sit entènèt FIN lan nan [www.floridainclusionnetwork.com](http://www.floridainclusionnetwork.com).

Rezo Enklizyon Florida a jwenn finansman gras ak Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Lekòl Piblik yo Sòti Lekòl Matènèl rive nan 12yèm ane, Biwo Edikasyon Eksepsyonèl la ak Sèvis Elèv yo, atravè asistans federal anba Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap yo, Pati B.